

ERITE A: Gen ekipman ki pa koute chè, nkou bagay pou estabilize nechèl yo, gay pou kenbe balistrad yo, epi ipman pou pwoteje moun lè yo sot nbe. Lòt ekipman tankou echafodaj yo ute pi chè. Envesti nan ekipman sa a anm jan ou tap fè pou bon kalite zouti .

Iwen sot tonbe yon wotè twa zetaj epi mwen te ka travay pandan 8 semenn. Mwen te yon itretan sèlman, kidonk mwen pat gen asirans travayè (Workmen's Compensation). Sa se te yon tan long anpil, mwen pèdi anviwon \$5.000. Yon bodriye te ka koute m \$50 nan tan sa a."

—Dan, yon antrèprene jeneral te nou.

an kyèm lide fo: Ekipman pou pwoteje w si ou ta sot tonbe a is antrave pase li ede ou.

ERITE A: pa gen anyen ki yon pi gwo trav pase si ou donmaje pou lavi. oulejou yo fè pwogrè nan fabrikasyon ipman ki pou pwoteje travayè lè li sot nbe. Gen yon nouvo seri kòd ki pèmèt fleksibilite. Gen yon kwòk pou kloure n twati ki ka ale nan bwa chapant èkteman.

LI POSIB POU EVITE TONBE

★Vini ak ekipman ki nesèsè lè ou vin travay, epi sèvi ak li jan ou dwe.

★Suiv règ OSHA yo

Règ OSHA yo se baz ki pèmèt ou travay san danje. Lè ou suiv yo, yo ka sove lavi w.

Règ pou konstriksyon CFR 29 Pati 1926

Echafodaj - Soupati L, 1926.451

Nechèl pòtatif - 1926.1053-.1060

Twati - 1926.500(g)

Ekipman pou prevni so - 1926.104

Règ pou prevni so - Soupati M

★Rete vijilan

Toujou reflechi anvan epi pa pran chans. Fè atansyon a lòt moun nan travay la.

★Antrene travayè ou yo

Se pou ou si anplwaye ou yo konnen kijan pou yo travay san gran danje lè yo anlè.

Pou Jwenn Plis



SOT TONBE

SE BAGAY KI TIYE PLIS MOUN NAN TRAVAY




KONSTRIKSYON

Pwojè pou Evaliyè ak Kontwòl
Danjè

Lanmò nan Massachusetts (FACE)

Depatman Sant e Piblik
Massachusetts


Premye lide fo a: Moun ki
travay nan konstriksyon pa
konn blese sitèlman grav
tankou travayè nan
konstriksyon batiman
komèsyal.



VERITE A: Nan Massachusetts, yon tyè
nan tout travayè konstriksyon ki jwenn
lanmò nan tonbe, tap travay nan
konstriksyon kay rezidansyèl.

Yon travayè trant an daj tap mete fèy goudwon
sou twati yon nouvo kay dez etaj. Li fè bak epi li
rive nan bò twati a. Li tonbe yon wotè 24 pye epi
li mouri. Li mouri kite madanm ak pitit li yo.

Yon bòs pent 68 an daj mouri apre li sot tonbe




yon wotè 10 pye; li te sou galeri yon kay 2 etaj.
Bòs pent la sot tonbe lè li tap desann yon eskabo
epi li vin apiye sou yon balistrad ki te pouri. Li te
genyen 40 ane eksperyans ap pentire kay.

**Dezyèm lide fo: Pou yon
travayè mouri lè li tonbe, fo li
soti tonbe yon bèl wotè.**

VERITE A: Mwatye nan travayè
konstriksyon ki mouri nan sot tonbe, te
sot tonbe yon wotè 21 pye oswa
mwens. Si ou frape tèt ou fò ase, ou ka
mouri nenpòt wotè ou sot tonbe. Men
si ou ta siviv apre ou sot tonbe, ou
kapab pase anpil tan pa ka travay poutè
yon donmajman.

**Twazyèm lide fo: Travayè ki
gen eksperyans pa sot tonbe.**

VERITE A: Laj mwayen travayè



konstriksyon yo ki mouri nan sot tonbe,
se 47 an. Mesye sa yo te gen anpil ane
eksperyans.

“ Sa rive tètman vit. Se lè ou panse ou san
danjè, ou dwe fè plis atansyon.”

- Se sa Èjèn, yon konstriktè
kay, te di nou.

Katryèm lide fo: Travay san

III Ombayon

kontakte Pwojè pou Evaliyè ak Kontwòl Danje Lanmò nan Massachusetts (FACE), oswa Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay (SHA).

wojè FACE

wojè pou Evaliyè ak Kontwòl Danje Lanmò nan Massachusetts (FACE)

100 Washington Street

Boston, MA 02108-4619

Tel: (617) 624-5628

Program Konsiltasyon OSHA

Depatman Travay ak Devlopman Travayè,

Administrasyon Sekirite nan Travay

Tel: (617) 969-7177

wo Rejyonal OSHA

100 Federal Building- Room E340

Boston, MA 02203

Tel: (617) 565-9860

FACE se yon pwojè Depatman Sante Piblik nan Massachusetts pou anpeche aksidan rive nan travay. FACE envestige lè moun mouri nan travay pou li ka kenner ki danje ki ta lakòz moun mouri nan travay. Misyon FACE se prevansyon; wòl li se pa fè respektè règleman sekirite yo.

FACE resevwa kòb nan men Enstiti Nasyonal pou Sekirite ak Sante nan Travay (NIOSH).

Si ou remèsye tout antrèprene yo ak lòt moun ki te pran tan pou yo ede nou nan preparasyon ti liv sa a.